

ANN BAY LODYANS 6

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



PM
7854
.H39
A56
2000
v. 6

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
1997

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 6

PINGALÒT AK ELIFÈT

Vwala te gen yon wa ki rele Pingalòt. Men wa sa a te yon nèg sitèlman rayisab tout peyi a t ap soufri.

Nan peyi sa a te gen yon msye ki rele Elifèt. Se te yon bon moun ki te konn travay di, e ki te fè



ekonomi jous li rive monte yon gwo kay menm pi bèl pase kay wa a. Konsa, Pingalòt move anpil. Li sèmante l ap fè ti frekan sa a konn sa l peze!

Lamenm, li voye twa gad al arete Elifèt. Li di yo: “Si nou gen malè vini san vakabon an, se zafè k gade nou!”

Pi ta, se youn sèlman nan gad yo ki tounen. Wa a di: “Kot salopri a? Mennen l isit!” Gad la reponn: “Glou glou glou.” Wa a move: “Sa k pase ou la? Se nan jwèt ou ap pase m? Kot lòt gad yo? Kòt Elifèt?”



Wa a sitèlman fache, li patko wè sa k pase a. Gad la louvri bouch li, epi wa a wè lang nèg la te

koupe. Wa a anraje nèt. Konsa li rele sèt lòt gad pou voye pran Elifèt. Lè premye gad la tandè sa, li montre ti bag ki nan men wa a, men pèsonn pa konprann sa sa vle di.

Gad yo ame jouk nan dan. Yo debake kay Elifèt nan devanjou. Yo frape nan pòt la byen fò: “Nou se sèt gad wa Pingalòt voye vin arete Elifèt!” Kon mesye yo travèse pòt la, Elifèt wete yon ti bag li te



gen nan dwèt li. Li frape l atè, epi li koumande l: “Sentitabatyè! Kreve je dwat youn nan nèg sa yo, koupe lang li, voye l tounen kote l te soti a. Kanta lòt yo, fè sa ou vle ak yo.”

Li poko fin pale, sis nan nèg yo rale nepe yo, yo foure l nan pwòp kè yo, epi yo vide atè. Lang dènye a sot tonbe atè, li kouri monte chwal li, e li pran wout kay wa a.

Lè gad la parèt, wa a sitèlman fache, li manke toufe. Li mande l kisa k pase. Sèl sa nèg la ka di l, se: “Glou glou glou.” Wa a di: “Ki langaj ou ap pale la, enbesil? Pale vit ban mwen anvan m brase nepe m nan fyèl ou.”

Fi wa a, prensès Labèl, t ap swiv tout bagay. Se li ki fè papa l wè gad la te gen yon je pete, ak lang koupe. Wa a di: “Nèg sa a gen lè lougawou! M voye twa gad arete l, se yon sèl ki tounen, ak

lang li koupe. Sèt lòt al rapouswiv yo, sèl grenn ki tounen an vini ak yon je pete, ak yon ti bout lang.” Prensès la reflechi. Li di: “Papa cheri, lage sa nan men pitit fi ou!”

Prensès Labèl monte chwal li, epi li rive kay Elifèt. Msye a kontre ak tidam lan, yo tonbe damou. Karès tonbe, lanmou blayi, se bèl bagay nèt. Elifèt sou, dòmi pran l. Prensès Labèl wè yon ti bag. Li pran l, li gade l, epi li wè l sanble ak bag wa a. Se lè sa a li vin sonje jès gad la t ap fè yo. Li deside pran ti bag la, epi li chape poul li.



Nan pita, yon lame jandam debake kay Elifèt. Msye pa wè ni tidam, ni ti bag. Li te san defans, li pa fè wondonmon. Li kite yo pran l mennen ale.

Wa Pingalòt di Elifèt: “Ki dwa ou genyen pou ou fè yon kay pi bèl pase kay pa m lan?” Elifèt ri, epi li di: “Eskize m, Monwa, m pa t konnen si kay mwen an te pi bèl pase kay pa ou la. M byen kontan konn sa.” Pingalòt vekse, li di: “Mwen mande ou ki dwa ou?” Elifèt reponn: “M konnen ou se wa. Men ou pa ka anpeche yon moun gen yon bagay pi bèl pase pa ou. Mwen menm, se fòs kouray mwen ak swè fwon mwen ki ban m dwa gen bèl

kay la.” Wa a move: “Enben, ou pral peye frekansite ou, men anvan sa, fòk ou ban m sekre ti bag la.”



Elifèt vin konprann konplo a nèt. Li pran kouraj li ak de bra. Li kenbe tèt ak wa a: “Wa Pingalòt, ou se yon grandizè, ou gen foli grandè. Men se menm ògèy sa a k ap pote ou ale...” Wa a pa ka sipòte sa. Li rele bouwo yo, yo met baton sou msye.

Lamenm, Elifèt rele: “Sentitabatyè, m vle ou debarase m ak tout nèg sa yo, san kite youn.” Tout nèg, ak prensès la tou, kòmanse vide atè. Konsa, pèp la sove. Yo pran lari, danse, chante: “Viv Elifèt! Viv Elifèt!” Yo mete l wa peyi a. Se konsa peyi a vin bèl. Tout moun travay nan lapè ak nan kè kontan.

CHEN AK KRABYE

Yon jou, konpè chen vale yon gwo zo ki kwoke nan gòj li. Li t ap toufe. Chans pou li, li wè yon krabye k ap pase. Li fè l siy. Krabye a pwoche, epi konpè chen esplike malman sa l genyen.


Krabye a fourè gwo bèk long li a nan gòj chen an, epi li wete zo a.

Lè l fini, li wè chen an pa gade l menm. Li di l konsa: “Kouman? Ou p ap peye m?”




Chen an pran ri. Li reponn: “Peye ou! Ou pran m fè jwèt? Ou gen lè poko fin konprann kote vye tèt ou a soti la a! Se nan bouch mwen, wi, li te ye. M kite ou mete l deyò. Ou twouve sa pa ase toujou? Pa pito ou al fè wout ou, epi pa janm tonbe anba pat mwen ankò!”

Gen anpil kalite malveyan. Anvan ou rann yo sèvis, ou dwe pran anpil prekosyon pou ou pa regrèt.



TWA CHÈLBÈ

Vwala se te twa nèg chèlbè. Premye a se mouche Franswa, chapo kòbòy nan tèt li, jounal franse (mouche pa kapab li franse!) anba zesèl li. Dezyèm lan yo rele mouche Felis, chapo etranje ak bèl levit li te jwenn nan kenedi, ak linèt solèy nan je l. L ap mache bwòdè, men nan pòch pou tout moun wè li gen bèl sentiwon. Dènye a se mouche Jera. Papa l rich anpil paske li konn vòlè tè nan men pòv abitan yo.



Jera te lekòl, men li te kreten twòp. Papa l te fè l kado yon radyo tranzistò. Se konsa tout tan tout tan mouche ap mache nan bouk la ak radyo l nan men l. L ap pran bonjan van. Touletwa yo renmen fimen sigarèt, pa sigarèt peyi a, men sigarèt sòti lòt bò.

Tankou tout chèlbè an Ayiti, mesye yo pa t vle pale lang manman yo. Men pwoblèm lan, se te twa koze sèlman yo te konn di an franse. Mouche Franswa, lè li pran pale, li mete men sou lestonmak li. Li di an franse: “C’est moi qui ai fait cela.” (“Se mwen menm ki te fè sa.”) Mouche Felis menm: “Pour des raisons personnelles.” (“Se pou rezon

pa m.”) Mouche Jera kontan ak tèt li, lè l ap di: “C’est ainsi qu’il faut faire.” (“Se konsa pou nou fè.”)

Yon jou yo te chita ansanm ap bay lodyans. Mouche Franswa di konsa: “Abitan yo isit nan bouk pa nou, pa sivilize ditou. Ann al lavil, non. Se la a n a kontre moun ki sanble avèk nou yo.” Yo tout dakò. Yo pran kamyon. Lè yo rive Pòtoprens, y al fè yon ti flann bò Bisantnè. Y ap gade adwat agòch, kouwè yo te rive nan paradi.

Men sa k te rive bò chemen an: te gen yon nèg yo te ansasinen lannwit. Kadav la tann atè a. Mesye yo sezi, bouch louvri, dan deyò. Pandan yo t ap gade a, se konsa jij depè parèt, ansanm ak lapolis, nan yon djip. Yo te vin konstate pou yo wè kilès ki te fè sa.

Jij la souke tèt li. Li mande polisye a: “Ki moun ki te ka fè bagay sa a?” Mouche Franswa, jan li te konn fè, frape lestonmak li, li di: “C’est moi qui ai fait cela.” Jij la di: “O, o! Si se konsa, msye, m ta vle konnen pou ki rezon ou te fè sa.” Mouche Felis te vle montre li konn pale franse tou. Li di: “Pour des raisons personnelles.” Jij la sezi nèt. Li di: “Ebyen, mesye, si se konsa, nou pral arete nou.” Mouche Jera di: “C’est ainsi qu’il faut faire.”

Chèlbè yo te byen kontan wè kouman yo te boule franse ak polis la. Yo monte nan djip la, men lè yo rive, lè yo pral fèmen yo, se lè sa a yo devine ka yo. Pale franse pa di lespri pou sa.

Sa ki toujou pi cho a, mouche Franswa, di: “Kòmandan! Sa ou ap fè la a? Gen lè ou pa tande franse? Ou menm ki leta, pou pa tande franse? Se franse nou te grennen sou ou, wi! Kòm si m tande ou pale afè prizon? Gen lè ou konprann se nou menm ki voye nèg la bwachat?”



Jij la di: “Se ou menm menm ki te di sa. Lè m te mande lapolis sa ki te kapab touye nonm lan, apa ou menm dirèk ki te reponn: Se mwen menm ki fè sa.” Franswa di: “Mwen te reponn sa, men se an franse m t ap boule. Nou te parèt ansanm ak ou. Si se te nou menm, fòk ou ta ladann tou. Nou te san zam. Se ou menm sèl ki te ame.”


Jij la sezi. Li wè chèlbè yo deyò pou antrave l. Li di yo: “Ale, bann sanzave.” Chèlbè yo di: “Pye, sa m manje m pa ba ou!” Yo kouri tounen nan peyi pa yo. Yo wè lavi andeyò a pi asire pase lavil. Depi lè sa a, nèg yo pa t chèlbè ankò. Yo te vin konprann: Pale vye franse pa bonè.

Mari Deniz Legayè

SOLÈY, LALIN, KÒK E POUL

Solèy ak lalin se te frè ak sè. Kòk, poul, ak zetwal se te pitit solèy. Solèy la fè zetwal yo parèt nan syèl leswa. Lalin menm pran reskonsab pou l bay kòk ak poul manje. Men yon jou, lalin vle debarase l ak volay sa yo, paske yo fè twòp bri. Lalin li menm se yon revèsè, li toujou tris. Li pa renmen yo deranje l lè l ap reve.

Yon jou, lalin rele yo: “Pitit mwen yo, vini m pale nou.” Yo vini vre. Li pran yo, li lage yo nan yon twou, e yo tonbe sou tè a. Yo egare, yo pa konn ki kote yo ye. Epi, yon bon moman, yon pakèt moun vin adore yo. Youn nan yo mande yo ki kote yo sòti, paske moun sa yo pa t janm wè bèt kon sa. Volay yo reponn yo sòti nan syèl. Yo esplike kijan yo fè sou tè a.



Depi lè sa a, yo pa vle wè lalin. Se sa k fè kou solèy pral kouche, yo menm y al dòmi tou. Se yon fason pou je yo pa janm kontre ak lalin. E lè y ap dòmi, yo mete tèt yo anba zèl yo. Yo leve kou solèy ap leve tou.



Alyans Rene, Okay

KONPÈ RAVÈT AK KONPÈ PIS


Se te konpè ravèt avèk konpè pis. Konpè ravèt te nan yon pledman avèk konpè pis. Konpè pis di konpè ravèt konsa: “N ap fè yon kous pou n wè sa kap rive anvan lòt.”



Konpè ravèt reponn: “Monchè pis, mwen pi gwo pase ou. Lèfini, janm mwen pi long. M ap rive anvan ou.” Konpè pis deklare: “Monchè ravèt, ou pa bezwen pè pou mwen. Gen yon pwovèb ki di: Pi piti pi rèd.”

Pandan yo t ap plede, lachans pote pou konpè pis: yon chen te vin ap pase. Konpè pis pwofite. Li tap, li vole sou chen an. Li di konpè ravèt:

“Babay! N a jwenn anwo. Mwen m prar otobis. M ale.”



Rawoul Jilyen, Senta

TWA TI CHANM


Twa jennjan sòti nan plenn, rantre lavil pou lekòl. Vil la plen. Nanpwen kay pou yo rete. Antouka, yo deja la: debouye, debouye. Gason yo ap demeले yo. Men chak moun ap travay. Youn pa wè lòt. Jan pa wè Pòl, Pòl pa wè Lwi, Lwi pa wè Jan. Tout moun twouve kay, men chak panse lòt yo pi alèz pase l.

Yon jou, nèg rankontre. Chak nèg pran plenyen. Jan di yo: “Chanm mwen si piti, lè pou m retire chemiz mwen, se fenèt mwen pou m louvri.”

Pòl di yo: “Se pa anyen, sa. Pou m mete lang mwen deyò nan chanm mwen, se pòt la pou m louvri.”

Lwi ri: “Si m te gen chanm sa yo, mwen ta alèz nèt. Chanm mwen si piti, lè katrè rive epi reyon solèy rantre ladan, se mwen ki oblije sòti.”

abe Oras, Katyemoren



FIMÈ AN GWO AK FIMÈ AN DETAY

Se te de (2) bon zanmi: Ti Jo ak Ti Pyè. Ti Jo te renmen fimèn anpil, men Ti Pyè li menm pa te konn fimèn.

Chak jou Ti Jo voye achte sigarèt. Ti Pyè menm pran lajan pa li a, li mete l nan bwat sekre. Yon jou, lajan Ti Pyè vin monte yon gwo sòm. Li kase ti bwat sekre a, li jwenn lajan, l achte yon kay.

Li di Ti Jo: “Ou wè, ou menm ou rete ap achte sigarèt, mwen menm m achte yon kay. Si ou pa t ap plede fimèn, jodi a ou ta genyen yon kay tou.”

Malchans pou Ti Pyè, dife pase, kay la boule rapyetè.

Ti Jo di l: “Konpè m, ou pèdi ni sak ni krab! Ou fimèn an gwo, mwen fimèn an detay.”

Ti Pyè reponn: “Ou kwè sa? Se kay la ki boule, men teren an la. M a rebati sou li. Fimèn an detay ou a pa rapòte menm sa.”

Mikayèl Meteye, Pòtoprens

BOUKI APRANN KONTE

Vwala se te yon wa ki t ap fè yon paryaj. Li envite tout moun nan peyi a pou yo vini ladann. Men sa l ap fè: l ap voye yon gwo balon an lè. Nenpòt moun ki gentan konte rive sou san anvan balon an tonbe atè, l ap marye l ak pitit fi li, epi l ap ba li tout mwatye nan fòtin li. Men, depi yon moun pa gentan konte rive sou san, moun lan oblije travay pou wa a tout rèz lavi li, san wa a pa peye l anyen.

Te gen anpil gwo zotobre, anpil gran save, ki te vini nan paryaj la pou yo te kapab marye ak pitit fi wa a, paske fi a te bèl tout bon, epi sitou pou wa a ba yo tout mwatye nan fòtin li.

Pari a te kòmanse. Moun yo ki te vini nan paryaj la kòmanse konte pa dis, ven, trant, e kou yo rive sou karant, balon an gentan rive atè. Wa a menm pa fè ni de ni twa: li rale yo, e se pou y al travay pou tout tan!




Plizyè moun te pase nan pari a konsa. Men te gen yon nèg sòt ki te rele Bouki. Li mande sa k genyen. Yo rakonte l tout bagay an detay. Li di:

“Bon. M ap montre wa a sa mwen konnen. Li mèt voye balon li an lè!”

Tout moun te rasanble pou wè ak je yo e tande ak zòrèy yo paryaj la ant wa, nèg lespri, e Bouki, nèg sòt. Lò lè a rive, devan tout moun wa a voye balon an an lè. Wa a pa fè ka de Bouki menm, paske li te konprann se pa yon nèg tankou Bouki ki ta genyen paryaj la.

Menm lè a Bouki gade wa a, li di: “Ou deja pèdi an lagan.” Li konte kon sa: “Karant an wo, karant an ba, e ven nan mitan fè san.”

Lè wa a wè balon an te toujou an lè, e Bouki te fin konte lontan, li rekonèt li pèdi vre. Kou siprann sa a te manke touye wa a, men kondisyon se kondisyon. Wa a pran Bouki, li marye l ak pitit fi li vreman, li ba li mwaye nan fòtin li kòm li te di.



Mezanmi, respekte nèg sòt ak nèg lespri menm jan, paske chak moun fò nan jan pa l.

Istwa Timoun Yo Rakonte M

CHÒCHE AK KONPÈ CHAT

Se te yon fwa, konpè chat kontre ak chòche yon kote. Konpè chat di konsa: “Mwen tande jan y ap nonmen non ou deyò a. Yo di m ou se yon nèg kò ou ka tounen sa ou vle. Si se vre, monchè, tounen yon tig kounye a menm pou m wè.”

Kote chòche kanpe a, lamenm li tounen yon gwo tig. Konpè chat kouri monte yon pyebwa. Li di: “Bravo! Men ou fè m pè. Tounen yon bèf pito.” Lamem chòche tounen yon gwo bèf.

Konpè chat di: “Wi pip! ala yon bèl bèf, papa, men mwen pa fin fye kòn ou yo. Tounen yon ti sourit pito.”

Konsa chòche sitèlman fè chèlbè, li bliye si se konpè chat ki te devan l. Li tounen yon ti sourit byen bwòdè. Konpè chat fonsè sou li. Epi li manje l.

Mad. Woje Iznera, Fayetteon

FÒK TOUT MOUN
FÒK TOUT MOUN

KL BOOKSTORES \$2.00
0-8400-5114-X



FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.6